



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE GAD NASYONAL POU ASISTE NAN POTE
RECONS POURAGAN FLORENCE**

***50 Pilòt, Avyon ak Bato Ap Prepare pou Lokalize nan Baz Fòs Ayeryèn Dover a
nan Delaware pou Asiste Rejyon Ki Afekte yo***

New York Rete Pare ak Atou ak Pèsonèl Recons ak Rekiperasyon Adisyonèl yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke 50 Pilòt ki soti nan 106èm Branch Sovtaj (106th Rescue Wing) nan Gad Nasyonal Ayeryen New York lan (New York Air National Guard) yo ap rasanble nan Baz Gad Nasyonal Ayeryen Gabreski ki nan Westhampton Beach pou asiste nan pote recons pou Ouragan Florence, ke yo prevwa pral fè enpak sou North Carolina, South Carolina, ak Virginia apati ta aswè a ak fòs van twopikal yo ki ap atenn 118 kilomèt pa èdtan. Ekip ki soti nan 106èm Branch Sovtaj pral vwayaje pou ale nan Baz Fòs Ayeryèn Dover a (Dover Air Force Base) epi kèk eleman pral pati kite baz lan pi bonè nan aprèmidi sa a.

“New York konnen pèsonèlman devastasyon ke kondisyon metewo ekstrèm yo ka kite dèyè, epi mwen rete pare pou ede sila yo ki sou wout Ouragan Florence nan nenpòt fason ke nou kapab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Moun New York yo toujou ede vwazen yo nan moman nesosite yo epi menm jan ke nou te kanpe kòt a kòt ak Pòtoriko, Texas ak Florida apre tanpèt destwiktif ane pase yo, nou pral yon lòt fwa ankò rete pare pou ede konpayon Ameriken nou yo.”

An plis, Gad Nasyonal Lame New York lan pare pou deplwaye de elikoptè levye lou Chinook CH-47 yo ak de elikoptè evakyasyon medikal Blackhawk UH-60 pou asiste nan efò pou pote recons apre tanpèt la. CH-47 se yon gwo elikoptè a elis doub ki ka pote jiska 9.5 tòn kagezon oswa jiska 30 moun. Avyon UH-60 yo ekipe ak palan epi yo ka itilize yo pou sovtaf yo menm jan ak transpòte pasyan medikal yo. Elikoptè yo ta pral tout soti nan Etablisman Sipò Avyasyon Lame a (Army Aviation Support Facility) nan Ayewopò Entènasyonal Rochester a (Rochester International Airport) epi yo an atant ap rete tann pou enstwiksyon deplwaman yo.

Resous Eta yo Pare pou Deplwaman

Antrepo Eta New York yo byen ekipe, prepare epi pare pou deplwaman nan eta ki afekte yo ki gen plis pase 1.8 milyon sak sab, prèske 700 jeneratris, plis pase 1,250 ponp, plis pase 4,000 flach, plis pase 438,000 sachè ak boutèy dlo, plis pase 500

twonsonez, plis pase 200 fa limyè, plis pase 28,500 pla manje ki pare pou moun manje ak plizyè milye manto, dra ak zòrye.

Ekip Rechèch ak Sovtaj Iben New York lan (New York's Urban Search and Rescue team) rete pare tou ak pèsonèl ak ekipman. Fòs Entèkansyon NY 2 a (NYTF-2), se yon ekip premye sekouris ak ekipman espesyalize ki kalifye nan sovtaj efondreman estriktirèl yo, ijans evakyasyon yo, sovtaj teknik ak kòd, sovtaj nan espas kwense yo, ak lòt sovtaj espesyalize yo. An plis, ekip jesyon ensidan nan Eta a pare tou pou asiste nan efò pou pote repons ak efò rekipèrasyon yo ki gen ladan yo kòmand ak kontwòl, planifikasyon, aktivite lojistik ak administrasyon yo, kowòdinasyon operasyonèl, jwenn enfòmasyon sityasyonèl epi rapòte, planifikasyon aksyon ensidan, resansman GIS, ak sipò lojistik pou operasyon repons ki ap kontinye yo.

Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta a rete pare pou asiste eta ki te afekte yo pa Ouragan Florence ak ekip siyalizasyon sikilasyon yo, ekip netwayaj pye bwa yo, epi lòt resous yo pare pou deplwaman pou asiste eta sa yo jan sa nesesè. Aktivite sa yo ka anglobe netwayaj wout ak asistans nan entèripsyon kouran yo nan siyalizasyon sikilasyon yo. Depatman an aktyèlman gen 14 kamyon baskil pou ekip pye bwa yo, 76 dechikez bwa, ak 56 kamyon siyalizasyon sikilasyon ki disponib.

Sant Pwodiksyon Manje (Food Production Center) nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) a ki nan Rome, NY pare pou bay plizyè milye dine ki tou prepare pou kominote ki frape fò pa Ouragan Florence.

Pandan ke yo te satisfè demann inisyal pou ekip sèvis piblik yo nan lokal ki pi pre zòn enpak potansyèl yo, ekip nan Otorite Enèji New York yo (New York Power Authority) pare epi yo pral kowòdone nenpòt asistans mityèl an plis ak sèvis piblik New York yo, ki ap patisipe totalman nan pwotokòl asistans mityèl yo.

New York gen yon istwa long nan ede lòt eta yo apre dezast natirèl yo. An plis de voye asistans similè nan Florida apre Siklòn Irma, Harvey, Maria, Matthew, Frances, Ivan ak Dennis, New York te deplwaye yon ekip milti ajans de plis pase 300 moun pou kapab asiste Louisiana apre Siklòn Katrina, epi tou yon lòt ekip ki te gen 18 manm apre Siklòn Gustav lan. An plis, New York te voye ekip sapè ponpye yo nan lwès plizyè fwa, pou kapab [asiste nan ede kontni dife yo](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)